



Lè Pou Teste pou COVID-19

Èske mwen kapab gen COVID-19?

Sentòm COVID-19 ki pi komen se lafyèv tous ak respirasyon kout. Metòd ki pi komen pou pran COVID-19 se nan kontak dirèk avèk yon moun doktè dekouvri ki gen COVID-19. Men, transmisyon maladi a nan kominote a fèt nan kèk zòn. Transmisyon maladi a nan kominote a fèt lè yon viris ap simaye epi sous viris la enkoni.

Èske mwen ta dwe ale nan klinik doktè mwen epi teste pou COVID-19?

Si ou gen sentòm viris sa a ou ta dwe rele pwofesyonèl swen sante ou. Pwofesyonèl swen sante ou ap evalue sentòm epi l ap detèmine si ou ta dwe teste. Li enpòtan pou tout moun ki gen sentòm COVID-19 chache swen konfime dyagnostik. Sa a pral pèmèt ou resevwa konsèy apwopriye sou pran swen tèt ou ak anpeche gaye nan fanmi ou, zanmi, ak lòt kontak sere. Sa enpòtan sitou pou moun ki gen gwo risk pou konplikasyon COVID-19 tankou:

- Granmoun aje
- Moun ki gen pwoblèm medikal anba-anba
- Moun ki Genyen sistèm defans yo ki frajil
- Fanm ansent

Moun ki antrean kontak sere avèk yon moun ki enfekte avèk COVID-19 gen plis risk pou yo enfekte tèt yo, epi enfekte lòt moun. Kontak pre yo defini kòm yon moun ki te nan 6 pye avèk yon moun ki enfekte, pou omwen 10-15 minit, pandan moun ki enfekte a te gen sentòm oswa nan 48 èdtan yo anvan sentòm yo te kòmanse. Konsèy sante lokal la ap fè w konnen si yo konsidere ou kòm yon moun ki antrean kontak sere avèk yon moun ki enfekte. Ou ta dwe teste pi vit ke posib apre notifikasyon.

Si ou se yon travayè swen sante ki gen kontak avèk pasyan oswa lòt travayè swen sante, oswa si ou se yon premye sekouris, (EMS, ponpye, lapolis), ou bezwen teste kèlkeswa kritè arisk anpil ou.

Si mwen panse mwen ka gen COVID-19 oswa yon lòt enfeksyon respiratwa, kisa mwen ta dwe fè pou anpeche enfeksyon mwen transmèt ba fanmi ou epi pou anpeche li transmèt ba lòt moun ki nan kominote a?

- Rete lakay ou so pou resevwa swen medikal.
- Pa ale nan travay lekòl oswa zòn piblik yo.
- Pa itilize sèvis transpò piblik, sèvis kovwatiraj, oswa taksi.
- Separe tèt ou avèk lòt moun ak bèt ki lakay ou.
 - Otan sa posib, ou ta dwe rete nan yon sèten chanm epi lwen lòt moun ki lakay ou. Epitou, ou ta dwe itilize yon twalèt apa, si genyen. Si ou dwe sèvi nan menm twalèt avèk lòt moun nan kay la, oumenm oswa moun ki nan kay la ta dwe netwaye sifas yo souvan (gade anba la a).
 - Mete yon mask chirijikal oswa kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon foula oswa lòt twal si ou nan menm chanm avèk lòt moun.

Rele davans anvan ou ale nan klinik doktè ou.

Si ou bezwen fè yon vizit medikal, rele pwofesyonèl swen sante vu epi fè li konnen ou gen sentòm ki konsistan avèk COVID-19. Sa ap ede klinik pwofesyonèl swen sante a fè etap pou anpeche lòt moun ki nan klinik la ekspozè ak enfekte.

Mete yon mask nan figi ou.

- Mete yon mask figi lè ou bòkote lòt moun (pa egzanp, si ou nan menm sal oswa nan

menm machin) epi anvan ou antre nan klinik yon pwofesyonèl swen sante.

- Si ou pa gen yon mask pou figi, kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon foulà oswa lòt rad (tankou tichòt dekoupe oswa rad sanblab).

Si ou pa kapab mete yon mask figi (pa egzanp, paske li lakòz ou gen pwoblèm pou respire), lè sa a moun k ap viv avèk ou pa ta dwe rete nan menm chanm nan k ou, oswa yo ta dwe mete yon mask figi si yo antre nan chanm ou.

Kouvri tous ak lè w ap etènye

- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks lè w ap touse oswa etènye. Jete klinèks ou itilize yo nan poubèl fatra. Si ou pa gen yon klinèks, kouvri tous oswa lè w ap etènye avèk bra ou/koud-bra ou, men pa avèk men ou.
- Lave men ou imedyatman avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Itilize dezenfektan men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl si dlo ak savon pa disponib.

Evite kite lòt moun nan kay la itilize atik pèsònèl ou yo.

- Pa sèvi nan menm asyèt, pa bwè nan menm vè, tas pa itilize ,menm istansil pou koupe, sèvyèt oswa atik pou kouche avèk moun oswa bèt ki lakay ou.
- Apre itilizasyon atik sa yo, ou ta dwe lave yo nèt avèk savon ak dlo.

Lave men ou souvan

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si savon ak dlo pa disponib, netwaye men ou avèk yon dezenfektan men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl.
- Evite manyen sifas ak objè lòt moun yo manyen souvan (sifas moun "manyen anpil") avèk men ou ki pa lave.

Netwaye tout sifas moun "manyen anpil" yo chak jou

- Kèk nan sifas moun manyen anpil se kontwa anlè tab, bouton pòt, enstalasyon nan twalèt, twalèt, telefòn, klavye, tablèt elektwonik, ak tab pou ki arebò kabann.
- Netwaye nenpòt sifas ki ka gen san, pou pou, oswa fliyid kò sou yo.
- Itilize yon ayewosòl oswa lenjèt netwayaj pou kay dapre enstriksyon yo ki nan etikèt la.

Kontwòle sentòm ou yo

- Chèche swen medikal touswit si ,maladi ou vin grav, egzanp, difikilte pou respire).
- Anvan ou chèche swen medikal, rele pwofesyonèl swen sante ou pou fè li konnen sentòm ou yo konsistan avèk COVID-19.
- Mete yon mask figi anvan ou antre nan klinik lan.
- Si ou gen yon ijans medikal epi ou bezwen rele 911. Fè pèsònèl dispatch la konnen ou gen sentòm ki konsistan avèk COVID-19. Si li posib, mete yon mask figi anvan sèvis medikal pou ijans lan rive.

Kilè mwen kapab fini izòlman mwen nan kay la?

Si w te teste pozitif pou COVID-19, ou ta dwe rete anba izolasyon kay jiskaske yon doktè detèmine ou pa kontaje ankò. Depatman sante piblik lokal ou pral kominike avèk ou sou sa. Si ou pa t 'kapab fè tès, men yo te di yo izole pa yon founisè medikal, tanpri, kontakte founisè swen prensipal ou pou jwenn konsèy sou lage soti nan izolasyon. Si ou pa gen yon founisè swen primè rele Liy Sante Majistra a nan 617-534-5050.



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau

1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | www.bphc.org | 617-534-5611

When To Be Tested for COVID19 | Haitian Creole | July 2020